



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedya: 11 out 2014

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE GWO PWOJÈ REZISTANS A TANPÈT NAN LITORAL KONTE SUFFOLK

Akò finansman ak eta louvri wout pou pwojè restorasyon Pwoteksyon mòn sab Fire Island kap kòmanse nan mwa septanm

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse ke Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York (DEC) te siyen yon kontra legal avèk Army Corps of Engineers US ak Konte Sufflokk, epi otorize \$68 milyon dola nan finansman Eta, kòm yon pati nan pwojè \$207 milyon a twa faz rediksyon risk pou tanpèt nan litoral la nan zòn kotyè oseyan Atlantik Konte Suffolk. Pwojè a ki konnen tankou Fire Island Inlet a Moriches Inlet (FIMI), pral antreprann an konjonksyon avèk Army Corps ansanm avèk Konte Suffolk e li fikse pou kòmanse nan mwa septanm.

“Ranfòse liy rivaj nou yo se youn nan pi bon bagay nou ka fè pou pwoteje zòn fèb altitud yo ki vilnerab a vag tanpèt tankou sa nou te wè nan gwo tanpèt Sandy,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Grasa relasyon dirab eta avèk Army Corps ansanm avèk lidèchip Konte Suffolk, pwojè vas bò lanmè sa kounye anplenn mouvman e li sou bòn vwa pou kòmanse mwa pwochen. Sa a bati sou efò rediksyon kontinyèl nou yo, tankou elevasyon plizyè milye kay ak ranfòse rezo a, kidonk fanmi New York ansanm avèk biznis yo pral prepare pou kèlkeswa sa lavni prezante.”

“Sa a se yon pwojè enpòtan ki nesèsè anpil ki pral ede pwoteje rivaj nan sid Long Island kont pwochen tanpèt ak ogmante nivo lanmè a nan yon fason ki anviwonmantalman sansib,” te deklare Komisyonè DEC Joe Martens. “Nou apresye vizyon ak travay san relach Gouvènè Cuomo, ansanm avèk patnè lokal ak federal nou yo pou devlope, planifye, epi kounye a enpleman pwojè a. Nou pral ede Army Corps nan chak fason posib pou konplete pwojè sa osi rapidman ke posib.”

DEC, Army Corps ak Konte Suffolk te siyen kontra legal pou pwojè sa, sa ki pral gen ladan konstriksyon mòn sab kotplaj nan twonson 19 mètr ant Fire Island Inlet ak Moriches Inlet. Konte Suffolk pral anplwaye finansman eta ki te anonse jodia pou achte 41 pasèl a risk sektè prive posede ak jwenn plis pase 400 dwa pasaj pèmanan sou Fire Island pou fasilite pwoteksyon plasman mòn sab yo. Finansman eta ki te anonse jodia pral finalman ranbouse pa gouvènman federal anba Lwa Apwopriyasyon Soulajman nan Dezaz nan ane 2013.

Haitian Creole

Travay nan premye faz pwojè FIMI a pral kòmanse pandan otòn sa nan Smith Point County Park. Army Corps prevwa pou atribye kontra konstriksyon pou travay nan mwa septanm, avèk efò apwovizyonman ki deja ankou. Yon dezyèm kontra konstriksyon pral atribye pita ane sa a pou travay nan Robert Moses State Park ak aparèy Fire Island Lighthouse. Twazyèm faz, sa ki enkli 17 kominote Fire Island, sa ki pral kòmanse apre yo te fin jwenn aksè nesèsè a byen imobilye. Achèvmman pwojè FIMI a fikse pou fen 2016.

Depite Tim Bishop te deklare, “Mwen kontan dèske Eta New York te finalize yon konpozan enpòtan nan pwojè Fire Island a Moriches Inlet. Mwen te rete angaje pou travay avèk tout entèvenan lokal ak eta pou asire pwojè priyorite sa ale delavan pou bay kominote yo nan zòn pwoteksyon bò lanmè enpòtan sa. Sa a se yon etap pozitif nan bi obektif sa.”

Egzekitif Konte Suffolk Steve Bellone te deklare, “Sa a se yon etap pwogrè nan efò nou pou rebati zòn kotyè konte Suffolk pi solid. Nou rekonesan a lidè yo tankou Gouvènè Cuomo paske li te fè sa avanse rapidman atravè pwosesis apwobasyon eta e Depite Bishop nan ensistans li pou travay la kòmanse nan otòn lan.”

Evalyasyon apre Sandy nan mòn sab Fire Island, an mwayèn strikti mòn sab la te pèdi 55 pousan nan volim li anvan tanpèt la, oswa apeprè 4.5 milyon mètr kib sab. Apeprè 7 milyon mètr kib sab pral itilize pou pwojè rediksyon danje nan zòn kotyè FIMI. A tit konparezon, yon gwo kamyon fatra pote apeprè 20 mètr kib sab.

FIMI se yon gwoup ki soti nan pi gwo pwojè “Fire Island a Montauk Point” (FIMP) ki pral egalman gen ladan elevasyon oswa ogmante apeprè 4,500 strikti ki a risk elve nan pati kontinantal konte Suffolk pou limite domaj la kont inondasyon tanpèt, ansanm avèk yon seri inisyativ enfrastrikti natirèl nan bè yo pou plis amòti ond tanpèt yo ak asosye aksyon vag yo pandan lap amelyore abitat la. New York te egalman mande Army Corps pou l konsidere elaji sèvis egou a tout estrikti ki elve yo kòm yon pati nan FIMP pou ede nan redwi polisyon nitwojèn nan bè yo, pandan lap pwoteje ak amelyore marekaj pwoteksyon bò lanmè a.

Pwojè eleman FIMI ak FIMP, an konjonksyon avèk lòt inisyativ yo tankou Pwogram Rekonstriksyon Kominotè NY Rising, pral finalman kreye “plizyè baryè” ki redwi risk vag tanpèt alafwa nan Fire Island ak zòn prensipal la, pou pi byen pwoteje zòn kay yo, biznis ak enfrastrikti. Travay la pral ede redwi risk pou sibmèsyon ak vyolasyon nan Fire Island. Anplis, pwojè a pral amelyore abitasyon zwazo rivaj nan twa zòn alivyal nan Smith Point County Park, e li pral kreye tou nouvo amòs pou divès zwazo rivaj ak abita alimantasyon nan vwazinaj plaj Great Gunn. Lè pwojè a fini, pral genyen plis amòs abitat zwazo rivaj nan zòn sa ki te egziste anvan gwo tanpèt sandy.

Nan jiyè 2014, Gouvènè Cuomo te elaji Pwogram NY Rising pou ede 6,575 mètr kay ki te afekte pa move tan pou pouswiv travay elevasyon kay yo. Jiska \$300 milyon dola te disponib grasa Pwogram Rekiperasyon Lojman NY Rising Eta pou sipòte elevasyon adisyonèl, ki louvri pou moun yo ki te eksperimante domaj nan kay yo kòm yon rezilta nan gwo tanpèt Sandy, Siklòn Irèn ak Tanpèt TROPICAL

Lee. Inisyativ Kontwòl dega ak Opsyon Elevasyon Kay te ofri anplis de lòt asistans rekiperasyon lojman ki te disponib grasa NY Rising.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

WE WORK FOR THE PEOPLE
PERFORMANCE * INTEGRITY * PRIDE